

Yon Elèv k ap Aprann Lang Anglè, oswa yon ELL, se yon elèv ki jwenn sipò anplis pou l aprann lang Anglè nan lekòl la. Gen 4.9 milyon Elèv k ap Aprann Lang Anglè (ELL) nan peyi Etazini.*



**An 2016, dapre National Center for Education Statistics (Sant Nasyonal pou Estatistik nan Edikasyon)*

Kijan pou Idantifye yon Elèv kòm ELL



1. Ou te reponn yon seri kesyon sou lang ou itilize lakay ou.



2. Yon egzamen te mezire konpetans akademik pitit ou a genyen nan lang Anglè nan domèn konpreyansyon oral (tande), lekti, ekspresyon oral (pale), ak nan domèn ekriti.



3. Pitit ou a kapab resevwa ansèyman nan lang Anglè, anplis de lòt kou l ap swiv yo.

Elèv k ap Aprann Lang Anglè (ELL) yo pran yon egzamen nan lang Anglè chak ane. Enfòmasyon ki soti nan egzamen an ede pwofesè yo planifye kijan pou yo pi byen anseye pitit ou a. Nòt egzamen yo tou ede pwofesè yo konn kilè pitit ou a kapab sispann resevwa sipò nan lang Anglè. Ou kapab itilize enfòmasyon nan egzamen yo pou defann pitit ou a lekòl la. Diskite ak pwofesè pitit ou a sou:

- Kilè w ap resevwa nòt egzamen yo ak kijan pou w kontwole pwogrè pitit ou a.
- Kijan w kapab ede pitit ou a aprann lang lan lakay li.
- Kijan sipò a chanje ofiramezi pitit ou a ap devlope konpetans akademik nan lang Anglè.
- Ki lè elèv yo sispann resevwa sipò nan lang Anglè.

Kesyon w ka poze

- Ki objektif yo etabli pou pitit mwen an?
- Nan ki fason aprantisaj lang Anglè a koresponn ak lòt konpetans ke pitit mwen an ap aprann yo?
- Kijan w entegre lang ak kilti elèv yo nan lekòl la?

Poze kesyon sou kijan yo fè aprantisaj lang Anglè nan lekòl pitit ou a.

Yo administre egzamen bay elèv yo chak ane, men ou gen dwa pou aksepte oswa refize sipò lengwistik la.